

Paj Wèb Tribinal la <https://courts.delaware.gov/help/traffic/> fè referans ak Fòmilè Penal 34 AB2 (Rev 28/09/23)- Pledwari an absans tradui Oktòb 2023

Kesyon yo poze souvan sou sikilasyon, tribinal depè

Kisa mwen ka fè lè mwen resevwa yon fich kontravansyon?

Si yo te ba w yon fich kontravansyon ak amann volontè (verifye fich kontravansyon ou an pou wè si yo te pwopoze yon amann volontè), ou ka swa:

- [peye fich kontravansyon ou an ak yon amann volontè](#), san ou pa bezwen ale nan tribinal; oswa
- [plede pa koupab epi ale nan tribinal](#)

Si yo pa t pwopoze w oswa si w pa dakò ak yon amann volontè, ou dwe parèt nan tribinal la nan lè, dat ak kote ki endike sou fich kontravansyon w lan.

Ki tout frè yo ajoute nan fich kontravansyon mwen an?

Lè ou jwenn yon fich kontravansyon, gen lòt frè ki ajoute sou amann lan. [Vizite lyen sa a pou jwenn echantyon ka sikilasyon ak yon eksplikasyon sou amand, depans ak pri yo.](#)

Kijan mwen kapab peye yon amann volontè?

Ou ka peye sou entènèt, sou telefòn, pa lapòs, nan yon kyòs, oswa an pèsòn. Ou dwe peye montan total la an antye an dola ameriken nan espas 30 jou aprè dat ou te resevwa fich kontravansyon an. Si w depase 30 jou yo, kontakte Sant Amann Volontè a nan 302-739-6911. Si ou pa kapab peye tout nèt, ou ka verifye si ou kalifye pou benefisye yon Plan Pèman Sant Amann Volontè sou Entènèt la (gade seksyon anba a) oswa ou ka rele sant amann volontè a. Pa voye yon pèman pasyèl nan Sant Amann Volontè a. Ou dwe **verifye devan fich kontravansyon w la pou w jwenn enfòmasyon sou ki kote pou w voye fich kontravansyon w lan pa lapòs (oswa ki kote w dwe parèt devan tribinal la) pou w asire w enfòmasyon ki anba a aplike nan ka w la.**

Peye Anliy:

Pèman an ka fèt atravè kat kredi (Visa, Mastercard, Discover) oswa chèk elektwonik (sa ki gen ladan nimewo kont ak nimewo tranzit labank). Ou dwe genyen swa nimewo fich kontravansyon an oswa nimewo ka a ak siyati akize a: [Welcome to ePayment](#) ([Fè yon pèman elektwonik.](#))

Peye sou telefòn:

Pèman dwe fèt ak kat kredi (Visa, Mastercard, Discover). Yo pa aksepte kat debi ki pa gen logo Visa oswa Mastercard sou yo. Asire w ou genyen yon kopi fich kontravansyon w lan ak ou pou

Paj Wèb Tribinal la <https://courts.delaware.gov/help/traffic/> fè referans ak Fòmilè Penal 34 AB2 (Rev 28/09/23)- Pledwari an absans tradui Oktòb 2023
w ka bay grefye tribinal la nimewo fich kontravansyon w lan ak lòt enfòmasyon. Telefòn 302-739-6911.

Peye atravè lapòs:

Mete yon kopi fich kontravansyon w lan. Pèman an ka fèt ak chèk, manda lajan, kat kredi (ranpli enfòmasyon sou kat kredi a nan espas ki endike sou kontravansyon w lan - se kapab nan do a). Si w ap peye ak chèk oswa manda lajan, ekri nimewo fich kontravansyon an sou li epi fè li voye li bay “Eta Delaware”. Pa voye lajan kach. Si w bezwen yon resi, ou dwe voye yon anvlòp ki gen tenb epi ki gen adrès ou ak pèman w lan. Voye li nan adrès sa a: State of Delaware - Voluntary Assessment Center, P.O. Box 7039, Dover, DE 19903.

Peye nan kyòs la:

Pèman an ka fèt ak lajan kach oswa kat kredi oswa kat debi MasterCard, Discover. Ou dwe genyen swa nimewo fich kontravansyon an oswa nimewo ka a ak siyati akize: [Office of State Court Collections Enforcement- Locations & Hours](#) ([Jwenn yon kyòs](#)).

Peye an pèsòn:

Pèman an ka fèt tou an pèsòn nan [Justice of the Peace Court- Locations](#) ([tribinal depè penal](#)) ki pi pre a.

Èske ou kalifye pou benefisye yon Plan Pèman Anliy Sant Amann Volontè tribinal depè a?

Ki moun ki elijib? Nenpòt moun ki te resevwa yon amann nan men Sant Amann Volontè a pa lapòs depi dat ekspirasyon fich kontravansyon an mwens oswa egal a 30 jou.

Kijan sa fonksyone? Tribinal la ap pèmèt ou ale sou Entènèt epi mete fich kontravansyon VAC ou a nan yon plan lè pou peye ; sa dwe fèt nan yon delè 30 jou apati dat yo te ba w fich kontravansyon an. Kantite maksimòm pèman yo pèmèt se twa. Pèman yo divize an 3 pèman egal. Ou dwe peye yon tyès nan kantite lajan ou dwe a nan premye dat ou te dwe bay li a, yon pèman sou 60 jou, epi pèman final la dwe fèt sou 90yèm jou a. Ou kapab fè pèman an an antye nenpòt lè nan peryòd katrevendis jou a.

Kijan yo mete yon plan pèman anliy: Ale sou court.pay.delaware.gov (Welcome to e-payments) (“Byenveni nan pèman elektwonik”). Chwazi “Deferred Amount” (Montan pa tranche). Si opsyon sa pa disponib, fich kontravansyon an pa kalifye pou plan pèman sou entènèt. Ou ka kontakte VAC nan 302-739-6911 pou ede w etabli yon plan pèman sou Entènèt; oswa fè yon pèman sou telefòn avèk yon kat kredi Visa/MasterCard/Discover pandan lè travay nòmal yo, sòti lendi rive vandredi, ant 8am ak 4pm. [Go directly to e-payment](#) ([Ale dirèkteman nan pèman elektwonik la.](#))

Èske y ap mete pwèn sou lisans mwen an si mwen peye ak amann volontè?

Dapre Division of Motor Vehicles Policy #45 (Règleman #45 Divizyon Veyikil a Motè a), yo p ap met pwèn sou lisans Delaware ou a **si w peye ak amann volontè EPI:**

Paj Wèb Tribinal la <https://courts.delaware.gov/help/traffic/> fè referans ak Fòmilè Penal 34 AB2 (Rev 28/09/23)- Pledwari an absans tradui Oktòb 2023

- Fich kontravansyon w lan se pou yon eksè vitès soti nan 1 rive nan 14 mayl pa èdtan pa rapò ak vitès ki afiche a; epi
- Yo pa t kondane w pou yon eksè vitès nan twa ane anvan yo.

Si w pa respekte kondisyon ki anwo yo, y ap met pwen sou lisans ou annakò ak règleman [Division of Motor Vehicles](#) ([Divizyon Veyikil a Motè a](#)). Se pa tribinal la ki mete pwen.

Kisa mwen dwe fè si mwen te resevwa yon fich kontravansyon ak amann volontè men mwen deside mwen vle plede “pa koupab” ?

Si w deside plede “pa koupab” aprè w fin resevwa yon amann volontè, w ap mande yon jijman nan tribinal epi w dwe parèt nan tribinal la pou w defann akizasyon an (yo). Pou plede pa koupab, siyen kote ki endike sou fich kontravansyon an epi voye fich kontravansyon an pa lapòs oswa faks ; voye e devan e do fich kontravansyon an nan adrès oswa nimewo faks ki endike anwo a **POU PI TA NAN DAT TRIBINAL YO ENDIKE A**. Si w ap faksè fich kontravansyon an, ou dwe rele 302-739-6911 pou konfime yo resevwa li.

Kisa pwogram libète kondisyonèl anvan jijman Delaware la ye?

Si w oblije oswa si w chwazi ale nan tribinal epi w elijib pou sa, ou ka anmezi pou w patisipe nan [Probation Before Judgement](#) ([pwogram libète kondisyonèl anvan jijman an](#)). Elijiblite pou libète kondisyonèl anvan jijman an limite. Ou pa elijib si yo te kondane w pou menm enfraksyon an deja oswa si yo te mete w sou libète kondisyonèl anvan jijman pou nenpòt lòt enfraksyon nan senk dènye ane yo. Menm si w elijib, se tribinal la, ak konsantman pousuit jidisyè a, k ap deside si w ap gen otorizasyon pou w antre nan pwogram libète kondisyonèl anvan jijman an. Nan kad libète kondisyonèl anvan jijman an, yo mete w sou libète kondisyonèl dapre kondisyon tribinal la fikse. Si w respekte kondisyon sa yo, y ap retire w nan libète kondisyonèl la san okenn jijman kondanasyon (sa ki vle di tou yo p ap mete pwen sou lisans ou). (Moun ki gen lisans komèsyal yo pa kalifye pou libète kondisyonèl anvan jijman an, kit yo t ap kondui oswa pa t ap kondui yon machin komèsyal nan moman yo te ba yo fich kontravansyon an.)

Kisa k ap pase aprè mwen fin retounen fich kontravansyon mwen an pou m fè konnen mwen vle plede “pa koupab”?

Y ap fè w konnen ki kote, dat, ak lè pou w parèt nan tribinal depè a (oswa tribinal dwa komen an, si sa aplikab).

Kisa k ap pase lè mwen ale nan tribinal la?

Paj Wèb Tribinal la <https://courts.delaware.gov/help/traffic/> fè referans ak Fòmilè Penal 34 AB2 (Rev 28/09/23)- Pledwari an absans tradui Oktòb 2023

Majorite enfraksyon sikilasyon yo trete kòm [criminal offenses](#) (enfraksyon penal). Asire w ou pote tout dokiman w ap bezwen nan tribinal la, tankou fich kontravansyon an ak prèv asirans nan moman enfraksyon an. Si w gen plan pou gen temwen nan jijman an, ou ka bezwen livre yon konvokasyon pou konparèt nan tribinal.

Èske y ap mete pwen sou lisans mwen an si mwen ale nan tribinal?

- Si yo jwenn ou pa koupab, yo p ap mete okenn pwen.
- Si yo jwenn ou koupab, y ap mete pwen sou lisans ou annakò ak règleman [Division of Motor Vehicles](#) (Divizyon Veyikil a Motè) a
- Si w benefisye [Probation Before Judgment](#) (libète kondisyonèl anvan jijman) epi ranpli tout kondisyon obligatwa yo, yo p ap mete pwen si w respekte tout kondisyon obligatwa yo.

Èske mwen ka fè apèl si yo jwenn mwen koupab aprè mwen fin ale nan tribinal la?

- Si yo te kondane w nan yon tribinal depè, ou ka fè apèl kont kondanasyon w lan devan yon [Court of Common Pleas](#) (tribinal dwa komen) nan espas 15 jou aprè kondanasyon w lan sèlman si amann ou an depase \$100 oswa si yo ba w nenpòt pèn prizon.
- Si yo te kondane w nan yon tribinal minisipal, ou gen dwa fè apèl kont kondanasyon an devan tribinal dwa komen nan espas 15 jou aprè kondanasyon w lan.

Èske konpayi asirans mwen an ap ogmante prim mwen yo?

- Jeneralman, konpayi asirans yo verifye dosye ki lye ak kondui anvan yo bay yon nouvo politik. Dosye kondui w lan ap montre si ou te peye yon amann oswa si yo te jwenn ou koupab yon enfraksyon trafik. Men, dapre lalwa, lè ou pa respekte yon limyè sikilasyon, ki vle di ou vyole yon sistèm siveyans kontwòl sikilasyon, sa pa ka fè pati dosye kondui ou, ni itilize pou rezon asirans, si ou peye amann nan oswa si yo jwenn ou koupab.
- Se konpayi asirans lan ki kapab pran desizyon sou prim yo.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen pèdi fich kontravansyon mwen an?

- Rele Sant Amann Volontè a nan 302-739-6911;
- Oswa si ou te resevwa fich kontravansyon an nan yon minisipalite, ou ka eseye rele Tribinal Ofisye Minisipal **nan minisipalite ki apwopriye** ki nan lis anba a:

Bethany Beach - (302) 537-3891
Dewey Beach - (302) 227-6363
Laurel - (302) 875-2855
Newark - (302) 366-7028
Newport - (302) 994-6403
Rehoboth - (302) 227-7917